



NAETISL

National Association of
Educational Translators and
Interpreters of Spoken Languages



MODDC

Missouri
Developmental
Disabilities Council

Konprann Evalyasyon Edikasyon Espesyal la: Yon Gid pou Paran

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



naetisl@gmail.com



www.naetisl.org

NAETISL



Follow us



MODDC



moddc@moddcouncil.org



www.moddcouncil.org





Konprann Evalyasyon Edikasyon Espesyal la: Yon Gid pou Paran

Kisa yon evalyasyon edikasyon espesyal ye?

Yon evalyasyon edikasyon espesyal fèt pou detèmine si pitit ou a gen yon andikap epi li ka benefisye sèvis edikasyon espesyal. Evalyasyon an se yon seri tès, obsèvasyon, ak entèvyou ki ede dekri pèfòmans pitit ou a ak kijan li aprann pi byen. Ou dwe bay konsantman ou pou evalyasyon an.

Èske tout timoun resevwa menm evalyasyon an?

Non, evalyasyon yo diferan pou chak timoun selon ki difikilte aprantisaj timoun nan genyen. Pifò timoun yo pral fè tès sou kapasite entèlektyèl yo yo epi, si yo ase gran, sou konpetans akademik jeneral yo. Men tès pou pale ak langaj, kapasite mouvman, konpòtman, lekti, matematik, ak lòt domèn yo ka ladan si sa li nesesè. Li komen tou pou paran yo patisipe nan entèvyou sou istwa ak devlopman timoun nan.

Ki moun ki patisipe nan pwosesis evalyasyon an?

Plizyè pwofesyonèl travay ansanm kòm yon ekip pou konprann pwen fò ak pwoblèm pitit ou a:

- Sikològ lekòl
 - Fè tès entèlektyèl ak akademik pou wè kijan pitit ou a aprann epi reflechi .
 - Obsève konpòtman pitit ou ak konpetans li genyen pou li rezoud pwoblèm.
 - Ede detèmine si difikilte aprantisaj oswa konpòtman yo gen rapò ak yon andikap.





- Espesyalis nan Patoloji Lapawòl ak Laganj (SLP)
 - Evalye kijan pitit ou a konprann epi itilize langaj.
 - Evalye klate lapawòl , vokabilè, gramè, ak itilizasyon sosyal langaj la.
 - Idantifye si pwoblèm kominikasyon yo afekte aprantisaj oswa entèraksyon sosyal.
- Pwofesè Salklas
 - Pataje obsèvasyon sou kijan pitit ou a aprann, patisipe, epi konpòte l nan salklas.
 - Bay egzanz travay lekòl.
 - Ede ekip la wè kijan konpetans pitit ou a parapò ak sa yo atann nan nivo klas li a.
- Travayè sosyal
 - Kapab fè entèvyou ak pitit ou ak fanmi w pou konprann faktè sosyal, emosyonèl, oswa faktè lakay ki afekte aprantisaj.
 - Ede idantifye fòs, faktè estrès, ak sipò deyò lekòl la.
 - Bay enfòmasyon sou relasyon ak kamarad li yo ak byennèt emosyonèl.
- Lòt Espesyalis (si sa a nesèsè)
 - Terapis Okipasyonèl: Egzamine kapasite ti mouvman yo, ekriti alamen, ak bezwen sansoryèl yo.
 - Terapis Fizik: Verifye ekilib, kowòdinasyon, ak mouvman.
 - Enfimyè/Pwofesyonèl Sante: Revize istwa medikal ki ka afekte aprantisaj.
 - Evalyatè Bileng: Asire tès yo jis pou elèv ki pale plis pase yon lang.





- Paran ak Lòt Manm Fanmi
 - Bay enfòmasyon sou domèn ki gen ladan sante timoun nan, devlopman bonè, tanperaman, edikasyon anvan, kay fanmi an, lang.
 - Pataje enkyetid yo.

Kijan yo kolekte enfòmasyon yo?

- Tès: Tès estanda yo mezire konpetans nan domèn tankou lekti, matematik, memwa, lang, oswa kapasite motris.
- Obsèvasyon: Pwofesyonèl yo ap swiv pitit ou a nan salklas la oswa lòt anviwònman lekòl la .
- Entèvyou ak Kesyonè: Paran yo, pwofesè yo, epi pafwa elèv la pataje pèspektiv yo.
- Evalyasyon Dosye: Yo konsidere ansyen kanè, dosye sante, ak rezilta tès anvan yo.

Kijan m pral aprann rezilta yo?

Ekip evalyasyon an ap rankontre avèk ou pou revize tout rezilta yo. Ou ta dwe poze kesyon, mande eksplikasyon, epi pataje pèspektiv ou yo. Ou gen dwa pou ou resewa enfòmasyon sa yo nan lang natif natal ou si ou pa pale anglè byen. Mande sèvis entèprèt oswa tradiktè pou ou ka byen konprann rezilta tès yo ak rekòmandasyon yo

W ap resewa yon rapò alekri ki eksplike:

- Si pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal anba youn nan kategori yo nan IDEA.
- Pwen fò ak pwoblèm pitit ou a.
- Rekòmandasyon pou sipò ak sèvis.





Kisa k ap pase apre evalyasyon an?

Si pitit ou a jwenn kalifikasyon, ekip la—ki gen ladan ou menm — pral devlope yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) ki dekri objektif ak sèvis yo. Si pitit ou a pa kalifye, lekòl la ap diskite lòt sipò ki ka ede l.

Sonje: Yon evalyasyon pa vle di yo mete yon etikèt— li fèt pou ede konprann sa pitit ou a bezwen pou li ka fè pwogrè epi aprann.

Ou toujou gen kesyon?

Pale ak jesyonè dosye pitit ou a oswa nenpòt nan manm ekip evalyasyon an.

Kijan mwen ka jwenn èd nan lang mwen?

Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri eskolè a. Mande enfòmasyon alekri ki tradui si w bezwen. Enfòmasyon disponib pou tout paran nan distri eskolè a ta dwe disponib pou ou tou.

